

## OU OBLIJE APLIKE POU MEDICARE

Si ou pral gen 65 lane nan 3 mwa k ap vini yo oswa ou gen 65 lane oswa plis, ou ka kalifye pou plis avantaj medikal nan pwogram Medicare a. Ou oblije aplike pou Medicare paske se yon kondisyon pou ou kalifye pou Medicaid.

Medicare se yon pwogram asirans sante federal pou moun ki gen plis pase 65 ale ak pou sèten moun ak andikap kèlkeswa revni yo. Lè yon moun gen Medicare ansanm ak Medicaid, Medicare peye avan epi Medicaid peye apre.

W ap bezwen aplike pou Medicare si:

- Ou gen Ensifizan Renal Kwonik oswa Esklewoz Lateral Amyotwofik (Amyotrophic Lateral Sclerosis, ALS); **OSWA**
- Ou pral gen 65 lane nan 3 mwa k ap vini yo oswa ou deja gen 65 lane oswa plis **EPI** revni ou se 120% nivo pòvrete federal la oswa pi ba (selon kantite moun ki sipoze nan kay pou yon moun ki selibatè oswa koup ki marye) oswa li nan estanda Medicaid la. Si se sa, pwogram Medicaid la kapab peye ou oswa ranbouse prim Medicare ou yo. Si pwogram Medicaid la kapab peye prim ou yo, w ap oblije aplike pou Medicare kòm yon kondisyon pou w kalifye pou Medicaid.

Pou aplike pou Medicare, rele Administrasyon Social Security nan 1-800-772-1213 oswa aplike sou entènèt nan: <https://www.ssa.gov/medicare/>. Ou ka oblije bay prèv ou te aplike pou Medicare.

Men Prèv ki akseptab yo:

- Lèt apwobasyon oswa refi ou te resevwa nan men Administrasyon Social Security, OSWA
- Lèt konfimasyon sou entènèt ki di ou te aplike pou Medicare nan Administrasyon Social Security.